

## BAHASA SLANG DI DESA KLANGONAN

### THE LANGUAGE SLANG USED BY YOUTH IN KLANGOAN VILLAGE

Oleh: Muhammad Mustaghfirin, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

[slewer02@gmail.com](mailto:slewer02@gmail.com)

#### Sarining Panaliten

Penelitian ini menjelaskan tentang basa slang yang digunakan oleh pemuda Desa Klangoan Kabupaten Gresik. Hal-hal yang akan dibahas ialah bentuk tembung slang, jenis tembung slang, pembentukan tembung slang, dan faktor-faktor yang mempengaruhi basa slang yang digunakan oleh pemuda Desa Klangoan. Penelitian ini merupakan penelitian deskriptif. Subjek penelitian ialah pemuda Desa Klangoan Kabupaten Gresik. objek penelitian ini ialah bentuk tembung slang, jenis tembung slang, pembentukan tembungslang, dan faktor-faktor yang mempengaruhi basa slenag. data dikumpulkan dengan menggunakan teknik rekam, teknik catat, teknik cakap, dan wawancara. pengumpulan data diawali pada bulan Juni 2016 hingga bulan Juli 2016. data dianalisis meggunakan cara analisis deskriptif. cara bagaimana mengesahkan data menggunakan triangulasi sumber dan reliabilitas stabilitas. Pasil penelitian ini antara lain menemukan bahwa bentuk kata slang pemuda Desa Klangoan merupakan kata dasar semua. jenis kata slang pemuda desa klangoan yang ditemukan antara lain jenis (1) kata benda, (2) kata kerja, (3) kata sifat, (4) kata ganti, (5) kata keterangan, dan (6) kata bilangan. pembentukan kata slang pemuda Desa Klangoan antara lain (1) metatesis, (2) metatesis dan imbuhan suku kata, (3) imbuhan suku kata, (4) mengganti suku kata, dan (5) makna yang berbeda. faktor-faktor yang mempengaruhi basa slang antara lain (1) digunakan untuk agar semakin akrab, (2) digunakan untuk merahasiakan sesuatu, (3) digunakan untuk menghaluskan kata yang dianggap kasar atau tabu, dan (4) digunakan untuk menentukan sikap.

kata kunci: bentuk kata slang, jenis kata slang, pembentukan kata slang, dan faktor-faktor yang mempengaruhi basa slang.

#### Abstract

*This study describes the language slang used by youth in Klangoan village, Gresik. Matters to be discussed is a slang word, type of slang, slang word formation, and factors affecting the language slang used by youth in Klangoan village. This research is descriptive type of research. The subjects are youth community in Klangoan village, Gresik. This research is a form of slang words, slang word type, slang word formation, and factors that affect language slang. Data was collected using a recording technique, notes, talk, and interviews. Data collection started in June 2016 to July 2016. Data were analyzed using descriptive analysis. The way to confirm how data was valid is by using triangulation stability and reliability. The result of this study found that, among of slang form used in youth of Klangoan village using the base of word. of youth slang village Tiefenbach found between other types of (1) a noun, (2) verb, (3) an adjective, (4) the pronoun, (5) an adverb, and (6) the number of words. The type of word slang formation of youth slang in Klangoan village include (1) metathesis, (2) and metastasis remuneration syllables, (3) Adjustment of syllables, (4) replacing syllables, and (5) a different meaning. factors affecting language slang among others (1) is used in order to get closer, (2) are used to conceal something, (3) the word is used to smooth the rough or considered taboo, and (4) are used to determine the attitude.*

#### PURWAKA

Basa kagungan kaginakaken ing sadhengah panggesangan manungsa. Manungsa sampun ngginakaken basa minangka pirantos

pawicantenan wiwit zaman rumiyin. Basa punika wonten sesarengan kalihan sejarah sosial golongan-golongan masarakat utawi bangsa. Pangretosan basa minangka fungsi sosial dados

bab pokok manungsa kangge ngawontenaken interaksi sosial kalihan sasaminipun. Saking interaksi sosial punika wiyos komunikasi, saha komunikasi ngginakaken basa.

Miturut wawasan sociolinguistik, basa boten namung dipunwawas minangka kadadosan individual, nanging ugi minangka kadadosan sosial. Minangka kadadosan sosial, basa boten saged dipunpisahaken saking fungsi masarakat. Fungsi-fungsi sosial kados tingkat pendhidhikan, yuswa, ekonomi, jinis kelamin, saha sanesipun. Dene fungsi-fungsi situasional, inggih punika kalebet sinten ingkang micara, ngangge basa punapa, dhateng sinten, kapan, saha ngrembag bab punapa. Variasi basa saking wawasanipun penutur Chaer (2004:62-64) saged dipunbedakaken miturut idiolek, dialek, kronolek, saha sosiolek.

Sosiolek utawi dialek sosial, inggih punika variasi basa ingkang trep kalihan status, golongan, saha kelas sosial penuturipun. Sasambunganipun variasi basa ingkang trep kalihan tingkat, golongan, status, saha kelas sosial para penuturipun, lumrahipun dipunsebat minangka akrolek, basilek, fulgar, slang, kolokial, jargon, saha prokem (Chaer, 2004: 66).

Basa ingkang kaginakaken pemudha Desa Klanganon kala-kala ngginakaken basa Jawa ngoko, madya, krama gumantung sinten lawan micaranipun. Nanging kala-kala pemudha Desa ngginakaken basa ingkang namung dipunmangertosi dening pemudha Desa Klanganon, saha basa punika kaginakaken manawi wonten dhayoh saking njawi Desa ingkang mlebet dhateng Desa Klanganon kangge ngrasani utawi pasemon, utawi bab-bab ingkang

rahasya kangge dipunrembag, nanging dhayohipun boten mangretos.

Bab punika ingkang ndamel kawigatosan panaliti, mliginipun tetembungan pemudha wonten ing Desa Klanganon. Panaliten punika badhe ngandharaken kados pundi panganggenipun basa Slang pemudha Desa Klanganon.

1. Wujud tetembung utawi istilah basa ingkang dipunginakaken dening pemudha wonten ing Desa klanganon.
2. Jinising tetembungan basa slang ingkang dipunginakaken dening pemudha wonten ing Desa klanganon.
3. Pandhapuking basa slang ingkang dipunginakaken dening pemudha wonten ing Desa klanganon.
4. Faktor-faktor ingkang ndayani basa slang ingkang dipunginakaken dening pemudha wonten ing Desa klanganon.

## CARA PANALITEN

### Jinis Panaliten

Panaliten punika kalebet panaliten *deskriptif*, inggih punika panaliten ingkang nggambaraken saha ngandharaken *objek* panaliten. Gayut kalihan *linguistik*, dados *linguistik deskriptif* ingkang pangretosanipun inggih punika mawas basa punapa wontenipun. Basa ingkang sapunika, basa nalika panaliti nglampahi panaliten saha *analisis* Nababan (1993).

### Wektu saha Papan Panaliten

Wektu ingkang kaginakaken kangge ngempalakan data inggih punika sasi Juni 2016 ngantos Juli 2016. Papan panaliten punika

wonten ing Desa Klangonan Kecamatan Kebomas Kabupaten Gresik Provinsi Jawa Timur.

### **Subjek Panaliten**

*Subjek* panaliten wonten skripsi punika pemudha Desa Klangonan.

### **Prosedur**

Panaliten nginakaken *informan* kangge ngempalaken data saking pacelathon pemudha, papan ngempalaken data wonten warung kopi, marga, saha Kelurahan.

### **Data, Piranti, saha Cara Ngempalaken Data**

*Data* panaliten menika dipunkempalaken kanthi cara *teknik cakap, teknik rekam, teknik catat* saha wawancara. Ancasipun inggih menika kangge jumbuhaken *data* kaliyan *fakta* ingkang ketingal wonten ing panaliten. *Data* wonten ing panaliten menika awujud *satuan lingual* saged arupi tembung, *frase, klausa*, utawi ukara ingkang ngemu basa slang. Sumber *data* ingkang dipunginakaken inggih menika tuturan pemudha Desa Klangonan.

Cara ngempalaken data ingkang dipunginakaken wonten penelitian inggih menika cara nyemak kalia *informan*. Cara nyemak inggih punika panaliti nyemak tuturan saking *informan* ingkang dipunteliti. Cara cakap inggih punika panaliti nglampahi pawicantenan kalihan panutur minangka narasumber. Cara sanes anggenipun ngempalaken data inggih punika panaliti mendhet data saking sinten kemawon ing Desa Klangonan. Panaliten dipuntidakaken wonten papan saha kawontenan tertamtu saking *informan*.

### **Cara Ngalalisis Data**

*Klasifikasi* wujud tembung basa slang, jinis tembung basa slang, pandhapuking basa slang saha *faktor-faktori* ingkang ndayani basa slang wonten ing Desa Klangonan menika adhedhahasar titikan saking *satuan lingual* arupi tembung, *frase, klausa*, utawi ukara ingkang ngemu basa slang. *Data* ingkang sampun kempal dipunidentifikasi lajeng dipunklasifikasikaken miuturut *kriteria* ingkang sampun katetepaken.

Caranipun ngesahaken *data* kanthi *triangulasi sumber* saha *reliabilitas stabilitas*. *Data* ingkang kapendhet kanthi jumlah kathah, piyambak-piyambak dipuncocokaken kalihan data ing sumber sanesipun, dados pikantuk data ingkang absah inggih punika *data muncul* utawi sasampunipun Ing panaliten punika kaginakaken *reliabilitas stabilitas*, panaliti nafsiraken utawi nginterpretasekaken data kanthi cara bolan-balen ing wekdal sanes, dados mbetahaken wekdal ingkang boten singkat. Kanthi dhasar asil cara punika, sampun pikantuk data ingkang reliabel jalaran wonten data sami ingkang kapanggih ing wekdal ingkang beda.

### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

Asiling panaliten inggih menika ngandharaken wujud tembung basa slang, jinis tembung basa slang, pandhapuking basa slang saha *faktor-faktori* ingkang ndayani basa slang wonten ing Desa Klangonan.

#### 1. Wujud tembung basa slang

Bentuk basa slang pemudha wonten in Desa Klangonan miturut ciri morfologisipun arupi tembung lingga (bentuk dasar) sedaya. Tembung

lingga utawi kata dasar inggih punika tembung kang isih wutuh kang durung rinaketan imbuhan apa-apa (Sasangka: 2001). Miturut Kridalaksana (1993) *Bentuk dasar adalah dari sebuah morfem yang dianggap paling umum dan paling tak terbatas*. Tuladhanipun wonten ing andhap punika.

Konteks: Cak Inut nyuwun pirsa bab sarung nalika wonten ing warung kopi.

Tuturan :

Cak Inut : “*Oleh rega pira iku sarunge?*”  
‘angsal regi pinten sarung menika?’

Cak Sekhan : *Sak sem joo*  
‘Satus ewu joo’  
(Data, 3)

Ukara ing inggil punika wonten tembung slang ingkang dipuntuturaken dening Cak Inut. Tembung *sem* punika kalebet tembung slang ingkang arupi tembung lingga. Tembung *sem* ing basa slang punika tegesipun wilangan satusan ewu. Bukti bilih tembung *sem* punika kalebet inggolongan tembung lingga inggih punika tembung *sem* boten saged dipunpisah-pisah, saha namung kawujud saking satunggal unsur *pembentuk*.

## 2. Jinis tembung basa slang

Ing panaliten punika namung kapanggihaken enem jenis tembung, inggih punika (1) tembung aran (nomina), (2) tembung kriya (verba), (3) tembung sipat (adjektiva), (4) tembung sesulih (pronomina), (5) tembung katrangan (adverbia) saha (6) tembung wilangan (numeralia).

### Tembung aran (nomina)

Tembung aran utawi *nomina* inggih punika tembung kang mratalakake jenenge barang utawi apa bae kang kaanggep barang. Tembung aran akeh-akehe bisa sumambang karo tembung dudu utawi tembung ana saha saged sumambang klaiian

tembung ora (Sasangka: 2001). Miturut kridalaksana (1993: 163) *Nomina adalah kelas kata yang biasanya dapat berfungsi sebagai subyek atau obyek dari klausa, kelas kata ini sering berpadanan dengan orang, benda, atau hal yang dibendakan dalam alam di luar bahasa*.

Miturut sudaryanto (1991:86) *kategori nomina basa jawa saged kapanggihaken saking wujuddhing sintaksis, inggih punika, wonten ukara ingkang wujudtipun tembung aran (nomina) punika Jejer, Wasesa, saha katrangan, saha wujudtipun tembung aran (nomina) boten nginaaken tembung boten ananging tembung sanes, mliginipun wonten kalimat tunggal*.

### Tembung kriya (verba)

Tembung kriya utawi *Verba* inggih punika tembung ingkang mratelakake solah bawa utawi tandang gawe, tembung kriya uga saged ngemu teges lumakuning kahanan (Sasangka: 2001). Menawi miturut Sudaryanto (1991) *Verba inggih punika kategori tembung ingkang kalebet wasesa*.

### Tembung sipat (adjektiva)

Tembung sipat utawi *adjektiva* kang uga sinebut tembung watak utawi kahanan inggih punika tembung ingkang saged mratelakake kahanan utawi watak sawijining barang utawi bab (Sasangka: 2001). Menawi miturt Sudaryanto (1991:80) *Adjektiva memiliki perilaku yang hampir sama dengan verba. Dalam tataran kalimat tunggal, adjektiva juga mengisi atau menempati fungsi P secara dominant; dan dalam tataran frase, adjektiva menjadi atribut*. Saklajengipun Kategori tembung sipat (adjektiva) saged awujud bentuk dasar ingkang nggadhahi afiks *kê-/ên* tuladhanipun tembung kekathaan ingkang nggadhahi sipat *eksesif*.

### Tembung sesulih (pronomina)

Tembung sesulih utawi *pronomina* inggih punika tembung ingkang digunakake minangka sesulih tiyang, barang, utawi apa bae ingkang dianggep barang (Sasangka: 2001). Menawi miturut sudaryanto (1991:90) *Pronomina adalah kategori kata yang dapat menggantikan kategori lain, yaitu: kategori nomina, adjektiva, kata adverbial, dan kategori numeralia*. Tembung slang awujud tembung sesulih boten kathah, punika sami ingkang dipunandharaken Sudaryanto, pronomina wonten basa Jawa kalebet *kategori tertutup, kategori tertutup* inggih punika *kategori* ingkang wujud tembungngipun boten kathah.

### Tembung katrangan (adverbia)

Tembung katrangan utawa *adverbi* inggih punika tembung kang aweh katrangan marang tembung sanes (Sasangka: 2001). Menawi miturut sudaryanto (1991:107) *Adverbia adalah kata yang memberi keterangan pada verba, adjektiva, nomina atau nomina yang menempati fungsi P dalam kalimat*. Miturut wujudipun, tembung kriya (adverbia) saged dipunbedaaken dados kalih inggih punika tembung kriya *monomorfemis* (adverbia monomorfemis) saha tembung kriya *polimorfemis* (adverbisa polimorfemis).

### Tembung wilangan (numeralia)

Tembung wilangan utawa numeralia inggih punika tembung ingkang mratelakake gunggung barang, tembung wilangan punika saged kangge ngetung gunggung tiyang, barang, kewan, lan sanesipun (Sasangka: 2001). Miturut Sudaryanto (1991:102) Numeralia inggih punika tembung ingkang kaginaaken kangge ngitung, ingkang

*diacu nomina* utawi kasebat *kata bilangan*, ingkang *diacu nomina* saged menungsa, kewan, saha *konsep-konsep*.

### 3. Pandhapuking basa slang

Lumrahipun dhapukaning unen-unen slang basa jawa kawiwitan saking tembung-tembung umum ingkang dipunewahi, mila wujud awalipun boten saged dipuntepangi malih. Wonten ugi wujud-wujud slang ingkang boten ngalami ewah-ewahan kalamun kabandhingaken kalihan wujud asalipun, nanging maknaipun ewah. Saking sedaya wujud slang ingkang kapanggihaken, wonten kabebasan nalika ngriptaaken, ugi wonten daya cipta utawi kreativitasipun pangripta. Wondene, wujud-wujud slang ingkang kagungan kesan bebas punika saged dipuntepangi pola, rumus, utawi paugeranipun. Pola-pola utawi paugeran saged dipunandharaken kados punika.

#### a. Metatesis

Metatesis inggih punika ewahaning papan huruf, fonem, utawi wanda ing tembung. Ewahaning punika dipuntindakaken supados wujud asalipun saking slang punika kasingidaken saha angel dipuntingali malih. Metatesis punika rumusipun cekap werni-werni, saengga boten namung setunggal rumusipun. Proses metatesis punika saged ngewahi papan fonemipun saha saged ugi ngewahi papan wandanipun.

#### b. Metatesis saha mewahi tembung wanda

Metatesis inggih punika ewahaning papan huruf, fonem, utawi wanda ing tembung. mewahi tembung wanda lumrahipun dipuntindakaken setunggal tembung dipuwuwuhi tembung wanda ingkang mujudaken tembung enggal. Ewahaning punika dipuntindakaken supados wujud asalipun

saking slang punika kasingidaken saha angel dipuntingali malih.

c. Mewahi tembung wanda

Cara sanes ingkang dipuntindakaken kangge pandhapuking tembung slang inggih punika muwahi tembung wanda. Teknik punika lumrahipun dipuntindakaken setunggal tembung dipuwuwuhi tembung wanda ingkang mujudaken tembung enggal. Tembung ingkang dipunuwuhi tembung wanda lumrahipun wonten ing tengah tembung.

d. Gantos tembung wanda

Cara sanes ingkang dipuntindakaken kangge pandhapuking tembung slang inggih punika gantos tembung wanda. Teknik punika lumrahipun dipuntindakaken setunggal tembung lajeng dipungantos salah satunggaling tembung wandanipun ingkan mujudaken tembung enggal. Tembung ingkang gantos tembung wanda lumrahipun wonten ing ngarep utawi mburi.

e. Makna enggal

Mujudaken makna enggal inggih punika wujud slang punika sami utawi boten ewah saking wujud asalipun. Saben wujud slang saha wujud asalipun punika gadhah makna ingkang beda. Slang ingkang kadhapuk kanthi mujudaken makna enggal dipunkajengaken supados tiyang sanes boten saged mangertos bab menapa ingkang dipunrembag dening panuturipun.

4. Faktor-faktor ingkang ndayani basa slang pemudha ing Desa Klanganon

*Faktor-faktor* ingkang ndayani basa slang pemudha ing Desa Klangoan Kabupaten Gresik kathah sanget, saged saking watak pemudha Desa Klanganon, saged saking budaya Desa Klanganon, isa saking *lingkup sosial* pemudha

Desa Klanganon saha saged saking *fungsi* kaginaan basa slang pemudha Desa Klanganon. Amargi kathah *faktor-faktor* ingkang ndayani basa slang pemudha ing Desa Klanganon, panaliten *konsentrasi* wonten *fungsi* kaginaan basa slang pemudha ing Desa Klanganon. Slang inggih punika ragam basa ingkang nggadhahi *fungsi Interaksional, fungsi Interaksional* inggih punika ingkang *orientasi* saking kalih lawan tutur.

a. Slang kangge kekancan langkung akrab

Akrab inggih punika kekancan ingkang cedhak (*persahabatan*) (Purwadarminto, 2006), menawi miturut baoesastra akrab inggih punika kulawarga, sanak-sanak sedulur (Poerwadarminta, 1939). Slang dipunginakaken supados kekancan antawisipun tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun langkung akrab.

b. Slang kangge nyigidaken sawijining prakawis

Nyigid ateges ndhelikake. Prakawis ingih punika: 1) kang dadi rembug, 2) bab ingkang dipunrembug, 3) apa-apa kang kalakon, 4) pasulayan (Poerwadarminta, 1939). Nyigidaken sawijining prakawis inggih punika prakawis tertamtu dipundhelikake supados boten dipunmangertosi dening tiyang sanes. Adatipun, *slang* namung dipunginakaken ing klompok tertamtu saengga slang saged dados *sandi* ing klompok kasebut.

c. Slang Kangge Ngalusaken Tembung Inggang kaanggep *Tabu* Utawi Kasar (*Eufemisme*)

Eufemisme inggih punika *ungkapan* ingkang kaginaanipun gantosi tembung ingkang miturut tiyang sanesipun saru utawi *tabu*.

(kridalaksana, 1993). Kadosta *ungkapan* badhe teng wingking kaginaannipun kangge nyriyosi badhe ngeseng utawi ngoyo.

d. Slang kangge ngaturaken patrap

Patrap inggih punika ngaturaken salah bawa saha pangraosaning manah, kadosta raos remen, kasmaran, kesel. Kadhangkala salah bawa saha pangraosaning manah tartamtu angel dipunandharaken kanthi langsung, lajeng nginaaken basa slang kangge ngaturaken patrap.

### DUDUTAN

Adhedasar asiling panaliten kaliyan pirembagan babagan basa slang pemudha wonten ing Desa Klangona, pramila saged kadamel dudutanipun ing ngandhap punika. (a) Basa slang ingkang kaginakaken dening pemudha Desa Klangonan menawi dipuntinggali saking wujud tembung inggih punika wujud tembungipun wujud tembung lingga sedaya. Dados wonte ing kartu data setuggal sanking enem punika basa slang wujud tembung lingga. (b) Basa slang ingkang kaginakaken dening pemudha Desa Klangonan menawi dipuntinggali saking jinis tembung inggih punika tembung aran, tembung kriya, tembung sipat, tembung sesulih, tembung katrangan saha tembung wilangan. (c) Basa slang ingkang kaginaaken dening pemudha Desa Klangonan menawi dipuntinggali pandhapuking basa dados gangsal inggih punika (1) pandhapuking saking metatesis, (2) pandhapuking saking metatesis saha mewahi tembung wanda, (3) pandhapuking mewahi tembung wanda, (4) pandhapuking gantos tembung wanda, saha (5) pandhapuking makna enggal. (d) Faktor-faktor ingkang ndayani basa slang pemudha Desa

Klangonan saking *fungsi-fungsipun* inggih punika Slang kangge kekancanan langkung akrab, slang kangge nyigidaken sawijining prakawis, slang kangge ngalusaken tembung kaanggep tabu utawi kasar, saha slang kangge ngaturaken patrap.

### KAPUSTAKAN

- Ahmadi Abu. 1997. Ilmu Sosial Dasar. Jakarta: PT RINEKA CIPTA.
- Asy'ari Sapari Imam. 1993. Sosiologi Kota dan Desa. Surabaya: Penerbit Usaha Nasional.
- Chaer, Abdul dkk. 2004. Sociolinguistik Perkenalan Awal. Jakarta: Rineka Cipta.
- Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. 2007. Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Tiga. Jakarta: Balai Pustaka.
- Keraf Gorys. 1996. Diksi Dan Gaya Bahasa. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Kridalaksana Harimurti. 1993. Kamus Linguistik Edisi Ketiga. Jakarta: PT Gramedia Pustakan Utama.
- Poerwadarminta W J.S. 1939. Baoesastra Djawa. Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatchappij n.v.
- Purwadarminto W J.S. 2006. Kamus Umum Bahasa Indonesia Edisi Ketiga. Jakarta: Balai Pustaka.
- Sasangka Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. Paramasastra Gagrag Anyar Bahasa Jawa. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sudaryanto. 1991. Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sumarsono, Paina Partana. 2002. Sociolinguistik. Yogyakarta: SABDA (Lembaga Studi Agama, Budaya dan Perdamaian).